



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANKOURAJE NOUYÒKÈ YO POU YO SIPÒTE EFÒ SEKOU AKTYÈL YO APRE TRANBLEMANNTÈ NAN LATIKI

Gouvènè a rejwenn Direktè Egzekitif Jeneral ak Fondatè Chobani, Hamdi Ulukaya, pou mande biznis ak moun yo sipòte rekiperasyon an

Turkish Philantropy Fund New York la te deja debouse 2 milyon dola, te ranmase 10 milyon dola pou efò sekou apre tranblemanntè a

Gouvènè Kathy Hochul te rejwenn jodi a Direktè Egzekitif Jeneral ak fondatè fabrikan manje Chobani ki nan Eta New York pou ankouraje Nouyòkè yo sipòte efò ranmasaj lajan yo apre tranblemanntè ki te afekte Latiki ak Lasiri nan 6 fevriye.

"Kè nou brize pou viktim tranblemanntè devastatè Latiki a epi panse nou avèk Nouyòkè yo ki kontinye lamante pèt pwòch yo aletranje", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk efò sekou yo ki ankou, mwen aplodi manm yo nan kominote dafè New York la, tankou Hamdi ak fanmi Chobani li, ki te deja reponn apèl la pou ede moun ki nan bezwen epi mwen ankouraje tout Nouyòkè yo konsidere bay tan yo oswa resous yo pou sipòte sivivan nan nenpòt fason yo kapab".

Fondatè ak Direktè Egzekitif Jeneral Chobani, Hamdi Ulukaya, te deklare, "N ap obsève youn nan pi gwo katastwòf devastatè nan listwa Latiki ak rejyon alantou li. Se ivè, li fè frèt. Bilding yo detwi, gen kèk moun ki nan lari, epi kantite lanmò yo te atenn nimewo moun pa ta panse. Se tè natif natal mwen, epi kè mwen brize pou m wè frè m ak sè m yo ap sibi yon pèt pwofon konsa. New York gen yon plas espesyal, se kote Chobani te kòmanse, epi jodi a li se kay mwen. Mwen konnen Nouyòkè yo se kèk nan pèp ki pi byenveyan ak konpatisan tout kote, epi mwen konnen y ap entèvni pou yo ka ede. Pandan rejyon an ap rekonstwi, yo bezwen èd kounye a epi sa pral kontinye se yon bagay esansyèl pou yo. Biznis yo gen responsabilite pou yo fè pati solisyon an, pou yo pote inovasyon, resous ak vwa yo - pou yo defann limanite komen. Mwen te mande jenewozite ak konpasyon kominote dafè a epi mwen te resevwa yon bann nan men yo. Lè nou gen Gouvènè Hochul ki rejwenn kòz sa a, jan li te fè sa avèk nou ak tout volonte l nan kriz imanité anvan yo, sa rann misyon nou an ankò pi djanm".

Vis Prezidan Egzekitif The Business Council of New York State, Paul Zuber, te deklare, "Eta New York gen anpil lyen ak Latiki, sa gen ladan atravè biznis. The Business Council sipòte efò Gouvènè a ak biznis yo epi n ap ankouraje sila yo ki ka ede nan efò sekou ki ankou ki nesesè yo pandan moman rekiperasyon enpòtan sa a".

Kantite lanmò yo estime nan tranblemanntè yo se 47,000 moun, pifò lanmò yo rive nan Latiki. Tranblemanntè yo ak replik yo te andomaje plis pase 200,000 bilding epi te deplase plis pase de milyon moun.

Etazini te òganize yon repons atravè USAID, [n ap iwenn](#) mizajou ak nouvèl yo isit la. Eta New York se kay plis moun Latiki pase nenpòt lòt eta nnan Etazini.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)